SULUK SASMITANE KAWIMBUHAN

PUPUH
P A N G K U R

1. Sasmitane kawimbuhan, kawruhana ya pangucapireki, miwah ing pangrungunipun, miwah paningalira, nora nana pangucap roro tetelu, dadi solah tingkahira, boya sak boya serik.
2. Boya tambuh mung dattollah, kewala den karasa yen abukti, den karasa yen anginum, sembayang den karasa, den karasa nenggih dattullah puniku, ingkang wus awuru Allah, yeku aran salat da'im.
3. Lawan malih ing ngaranan, martabate ing kasdu takrul takyin, kasdu nenggih kartinipun, apan kareping niyat, dadi cipa dene tegesipun takrul, iku pamekasaning niyat, liring grahitanireki.
4. Mapan ingkang takyin nyata, wisesaning ing niyat kang sayekti, kang cipta pan dadosipun, kasdu nenggih kang iman, takrul tokit takyin makripat liripun, ingkang iman yen anaa, gumlethek yekti tan serik.
5. Tan sak tingale ing Allah, ingkang tokit enenge lawan mosik, gletheke paningalipun, panguccap pamiharsa, nyata ingkang angenengaken puniku, kang angglethekaken Allah, myarsaken ngucapken pasthi.
6. Ta Allah ngala mapan kang, amimbuhi dadi sampun sak serik, tingalira mring Hyang Luhur, nenggih ingkang makripat, ing enenge osiking paningalipun, pangrungu pangucapira, dadi lan dhewekireki.
7. Tegese puniku nyata, bela tasbeh bela tasbeh lirneki, tur roro kahananipun, apan Allah kewala, kang ancucap meneng mosik tuwin dulu, pan nyata ing ananira.
8. Sasmitaning rahsanira, kang den ucap ingkang ngucap Hyang Widhi, poma den awas den emut, tanana liyan-liyan, anadene yen tinakonan sireku, punapa pangawruhira ing Allah jawaben aglis.
9. Pangawruh ingsun ing Allah, kawibuhan ing ngelmuning Ywang Widhi, wonten malih sualipun, apa ujar sakecap, lawan mlaku

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

satindak meneng gonipun, nuli enggal saurana, ujar saecap puniki.

10. Iya kang ngucap Hyang Suksma, dene laku satindak sarta widhhi, kang aran meneng goniku, ingkang wus nora susah, angulati ing Allah lyan dhirinipun, pira martabating Allah, sarana tri prakawis.
11. Nenggih tasnip kang kapisan, ingkang kaping kaliye ran sakamil, kandil kaping tiganipun, tannipliyep tegesnya, insan kamil kang sampurna tegesipun, kandil roh ilapi lirnya, utawi semuning tasnip.
12. Tingal kan gluluh sampurna, iya wahyu iku tegese malih, dadi paningal kang kusus, tetepe wahyu nyata, mila wajib sami den eningna iku prabedanireng tumingal, ing nabi wali myang mukmin.
13. Nabi tetep tingalira, mara mundur tingale wali mukmin, pira martabat ing laku, jawaben rong prakara, kadi geni kang dhingin ping kalihipun, kadi angin tegesira, semune kang dadi agni.
14. Pinet panase kewala, tegesipun punika amrih gelis, panarimanira sampun, kasuwen dene ta kang, kadi angin pinet tan kena rinuruh, tegese wus nora pisan, susah kang ngulati malih.
15. Pinten martabnat sarira, saurana mapan tigang prakawis, anadene kang rumuhun, kadya tanggal kaping pat, kaping kalih kadya tanggal sanganipun, ping tri lir tanggal patbelas, dene ta ingkang rumiyin.
16. Kang kadya tanggal kaping pat, iya dene katulis lahir batin, kang kadya ping sanganipun, tegese luluh sirna, kahanane ingkang anireng Ywang Agung, kang kadi tanggal patbelas, dene panedyane sami.
17. Kadya kang andandekena, tegese kang patbelas ingkang sasi, wus prapta ing wangenipun, tekaning ing kawula, nora ta yen dadiya gusti puniku, nanging iya dadi uga, pinten martabat penggalih.
18. awaben limang prakara, kang ruiyin galetheke ing ati, ye kang kapig kalihipun, katampeking lumawah, panejerte anangis kang kaping telu, ketuging nutu kaping pat, ping lima senthet ing ngantih.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

19. Dening jerit ing karuna, lawan iya galetheke ing ati, miwah katampeking laku, pan iku ing pangucap, marmanipun iya dipun kadi latu, ing tekad dene wus tompa, iya senthete kang ngantih.
20. Lire sipat jamallullah, dene ketuking panutu lirneki, wedaling pangucapipun, nyata yen nora mangmang, nora susah angulati ing Ywang Agung, ya kang ngucap iku Allah, poma aja pindho kardi.
21. Martabat ing bumi pira, saurana inggih tigang prakawis, dating roh ilapi iku, nenggihingkang kapisan, kapindhone roh jasadi sadyaeku, kaping tiga tanpa pernah, tanpa tuduhan sayekti.
22. Widi ing aran Mukhamat, kang khakikhi lawan ingkang maziji, saurana den agupuh, aran nabi mukhamad, kang kakhikhi dating roh ilapi iku, dene Mukhamad kang majaj, yeku dating roh ja'idi.

@@@

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS